

# **KAJIAN FILOLOGI SÅHÅ PIWULANG ÈSTRI WONTÈN ING SÊRAT SÊSORAHIPUN TIN SASTRÅ WIRYÅ**

## **PHILOLOGY STUDY AND SCIENCE FOR WOMEN IN SÊRAT SÊSORAHIPUN TIN SASTRÅ WIRYÅ**

Déning: Tamara Nurwidyaningtyas, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Pos-el: [tamara.nurwidyaninggyas@gmail.com](mailto:tamara.nurwidyaninggyas@gmail.com)

### **SARINING PANALITÈN**

Panalitèn ménikå ngêwrat ênêm ancas panalitèn, inggih ménikå *deskripsi naskah SSTSW, transkripsi teks SSTSW, transliterasi teks SSTSW, suntingan teks SSTSW, terjemahan teks SSTSW*, sâhå ngandharakên isining teks SSTSW. Panalitèn ménikå ngginakakê*n metode* panalitèn *deskriptif* sâhå panalitèn *filologi modern*. *Metode* panalitèn *deskriptif* dipunginakakê*n k*anggé nggambarakê*n teks SSTSW kanthi objektif*. Wondéné, *metode* panalitèn *filologi modern* dipunginakakê*n k*anggé naliti *naskah SSTSW*. *Sumber* panalitèn ménikå *naskah sâhå teks SSTSW* ingkang kasimpèn wontèn ing *Perpustakaan Rumah Budaya Tembi* Yogyakarta. Cårå *analisis data* ngginakakê*n* kårå *analisis deskriptif*. *Validitas* ingkang kaginakakê*n* inggih ménikå *validitas semantik*. *Reliabilitas* ingkang kaginakakê*n* inggih ménikå *intrarater sâhå interrater*. Asiling panalitèn ménikå ngandharakê*n* ênêm bab inggih ménikå *deskripsi naskah SSTSW* ingkang taksih saé. *Transkripsi teks* kanthi *metode transkripsi diplomatik*, aksårå Jåwå dhatêng aksårå Jåwå kanthi ménâpå wontènipun. *Transliterasi teks* kanthi *metode transliterasi standar*, aksårå Jåwå ing aksårå Latin. *Suntingan teks edisi standar*, kapanggihakê*n* 9 témbung ingkang dipun-sunting. *Terjemahan teks*, båså Jawi ing båså Indonesia. Isining teks SSTSW kapanggihakê*n* piwulang èstri, inggih ménikå taat sâhå sêtyå, mangrétos karubèdan garwå, ndamél rêmén garwå, gémati, nggulawenthah sâhå mulang muruk putrå, nyékapi kabéthan griyå, srégêp, gêmi, sêtiti, sâhå ngati-ati.

Pamijining témbung: *kajian filologi*, piwulang èstri, *Sérat Sêsurahipun Tin Sastrå Wiryå*

### **ABSTRACT**

*About to the description of manuscript and SSTSW text, transcription of SSTSW text, transliteration of SSTSW text, editing of SSTSW text, translation of SSTSW text, and (6) explains the contents in text SSTSW. This research uses modern philological research methods and descriptive research methods. the descriptive method used to describe SSTSW text objectively. While the modern philological research method used to research the text is entitled SSTSW. The Source of the research data is the collection of Rumah Budaya Tembi Bantul Yogyakarta Library. This data is then analyzed using the descriptive analysis method. This research is using semantic validity, because this data about words and sentences. This research is using intraratter and interrater reliability. The results of this research described in six chapters. The SSTSW manuscript is in a good condition. The diplomatic transcription was copied from Javanese script into the same script. The standard transliteration changed the Javanese script into Latin script. The standard editing, found 9 edited words. The translation changed the Javanese language into the Indonesian language. The contents of SSTSW text explain the science for women, must obey and obedient to the husband, understand husband's inconvenience, make husband happy, educate and care for the children, household need, diligent, saving up money, and careful.*

*Keywords:* *philology study, the science for woman, Sérat Sêsurahipun Tin Sastrå Wiryå*

## PURWÅKÅ

Asiling kabudayan wonten ing tanah Jawi ménikå wontên mapintên-pintên warni. Wonten ingkang sinérat sâhå botên sinérat. Salah satunggaling ingkang sinérat inggih menikå *karya tulis*. *Karya tulis* sagêd dipunmangrêtosi masarakat kanthi cårå maos lajêng ngrêmbag *karya tulis* menikå. *Karya tulis* kathah ngêwrat *nilai-nilai* luhur ingkang sagêd dipuntuladhani déning masarakat. Kanggé mangrêtosi *nilai-nilai* luhur wontên ing karya tulis ménikå, kêdah ngginakakêñ ngèlmi. Ngèlmi ingkang dipunginakaken kanggé naliti utawi ngrêmbag kabudayan lami ingkang sinérat inggih menikå kanthi ngèlmi *filologi*.

*Filologi* minångkå ngèlmi ingkang dipunginakakêñ kanggé sarânå naliti *naskah-naskah* kinå ingkang gayut kaliyan bab båså, kasusastran, sâhå kabudayan. *Naskah* kinå ingkang dipundadosakêñ *sumber data* panalitèn inggih *naskah Sêrat SêSORAHIPUN Tin Sastra Wirya* (SSTS<sub>W</sub>) ingkang dados *koleksi*-nipun *Perpustakaan Rumah Budaya* Tembi Bantul Yogyakarta. Pawadanipun dipunpilih *naskah SSTS<sub>W</sub>* inggih ménikå *naskah SSTS<sub>W</sub>* dèrèng naté dipuntaliti sâhå *teks*-ipun ngêwrat bab piwulang èstri, pramilå isining *teks* SSTS<sub>W</sub> kaangkah sagêd murakabi tumrap pagêanganing manungså mliginipun tiyang èstri.

Panalitèn ingkang trêp kaginakakêñ kanggé naliti *naskah SSTS<sub>W</sub>* inggih panalitèn *filologi*. Prakawis ménikå amargi *sumber data*-nipun arupi *naskah* sâhå *teks*. Wondéné lampahing panalitèn *filologi* inggih ménikå *deskripsi naskah* sâhå *teks*, *transkripsi teks*,

*transliterasi teks*, *suntingan teks*, *terjemahan teks*, sâhå *analisis* isining *teks* SSTS<sub>W</sub>.

## GÊGARAN TEORI

### Pangrêtosan *Filologi*

Têmbung *filologi* asalipun saking témbung Yunani *philos* ingkang têgêsiplen ‘tr̄ēsnå’ sâhå témbung *logos* ingkang têgêsiplen ‘témbung’. Miturut Baroroh-Baried (1985:1), *filologi* inggih ménikå salah satunggaling ngèlmi bab sératan (karya tulis) ingkang gayut kaliyan bab båså, kasusastran, sâhå kabudayan. Déné miturut Martinus (2001: 184) *filologi* inggih ménikå salah satunggaling kawruh ingkang gayut kaliyan bab kabudayan, kasusastran, adat istiadat, sâhå sejarah satunggaling bångså kanthi têtilaran budaya ingkang sinérat. Istanti (2010:16) ugi ngandharakêñ bilih *filologi* inggih ménikå salah satunggaling *disiplin* ingkang sésambétanipun kaliyan *studi* tumrap asiling kabudayan (pamanggih, kapitadosan, adat, sâhå piwulang-piwulang ingkang dipuncakakêñ wontên ing pagêanganing masarakat) manungså jaman rumiyin.

Saking pangrêtosan-pangrêtosan ménikå, sagec dipunpêndhêt dudutanipun bilih *filologi* inggih ménikå ngèlmi ingkang dipunginakakêñ kanggé naliti bab båså, kasusastran, saha kabudayan wontên ing satunggaling bangså inggih ménikå *naskah-naskah* lami ingkang asilipun saking budaya jaman rumiyin.

### Ancasing *Filologi*

Naliti salah satunggaling *naskah* sâhå *teks* ing panalitèn *filologi* ménikå têmtu wontên

ancasipun. Ancasing *filologi* tumrap panalitèn *teks SSTSW* inggih ménikå kanggé mangrêtosî kabudayan bângså kanthi saé, lumantar sastranipun inggih ménikå kabudayan ingkang sinérat. Sasanèsipun ménikå, ancasipun panalitèn *SSTSW* inggih ménikå ndamél *suntingan* sâhå *terjemahan teks SSTSW*, kanggé nggampilakên pamaos ingkang botên paham andharan abåså Jawi. Salajêngipun ndamél *transkripsi teks*, inggih ménikå kanggé nglêstantunakên *teks minångkå* warisaning kabudayanipun lêluhur ing jaman rumiyin.

### **Objek Filologi**

*Objek* panalitèn wonten ing ngèlmi *filologi* inggih ménikå *naskah* sâhå *teks*. Salajêngipun, *naskah* sâhå *teks* minångkå *objek* panalitèn *filologi* kaandharakên kados ing ngandhap ménikå.

### **Naskah**

*Naskah* utawi manuskrip utawi (*manuscript, handschrift*) inggih ménikå *objek* panalitèn *filologi* kanthi sératan tangan utawi carik, ingkang taksih asli ménåpå déné salinanipun ingkang ngandharakên bab-bab tartamtu, sinérat kanthi båså Jawi (Jawi Kina, Jawi Pêrtengahan, Jawi Anyar), mawi aksårå Jåwå sâhå aksårå Latin utawi aksårå sanèsipun ingkang kasérat wonten ing dlancang (kertas) (Mulyani, 2009: 1). Wondéné Fathurahman (2015: 6) ngandharakên bilih *naskah* inggih ménikå salah satunggaling wujud asiling budåyå, ingkang ngêwrat *teks* awujud sératan ngèngingi manékå warni sésérêpan, pamikir, kawruh, sêjarah, *adat-istiadat*, sâhå tumindaking masarakat ing jaman rumiyin. Suyami (1996: 1)

ugi ngandharakên bilih *naskah* inggih ménikå sadåyå wujud asiling *karya tulis-ipun* tiyang jaman rumiyin ingkang taksih awujud sératan tangan (*manuskrip*) ménåpå déné ingkang sampun awujud cithakan (*naskah cithak*).

Saking andharan-andharan ménikå sagêd kadudut pangrêtosanipun, bilih *naskah* minångkå anggitan ingkang awujud sératan tangan (*manuskrip*) ménåpå déné ingkang sampun awujud cithak (*naskah cithak*) mawi aksårå Jåwå sâhå aksårå Latin ingkang kasérat ing dlancang, ingkang ngêwrat bab tartamtu minångkå asiling *karya tulis* tiyang jaman rumiyin.

### **Teks**

*Teks* inggih ménikå isining *naskah* utawi *manuskrip*, ingkang namung sagêd dipunpênggalih kémawon (Mulyani, 2013: 101). *Teks* inggih ménikå anggitan ingkang ngêwrat bab samukawising agêsang, inggih ingkang magêpokan kaliyan sadåyå ingkang sampun kalampahan, inggih gêgayutan kaliyan *humaniora*. *Teks* jinisipun wonten 3 inggih ménikå *teks* lésan, *teks naskah* carik, sâhå *teks cithak* (Baroroh-Baried, 1985: 56).

Saking pangrêtosan-pangrêtosaning têmbung *teks* ménikå sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *teks* inggih ménikå isining *naskah* ingkang asipat *abstrak*, ingkang namung saged dipunangén-angén kémawon, inggih ingkang ngêwrat *informasi-informasi* sadåyå *aspek* pagésangan ing jaman kapêngkér, sâhå sagêd dipunandharakên kanthi lésan utawi sinérat dhatêng *generasi* salajêngipun supados sagêd lêstantun.

## Lampahing Panalitèn Filologi

Gayut kaliyan péranganing teori ing panalitèn ménikå, panalitèn *filologi* dipuntindakakén kanthi paugérán tartamtu ingkang dipunwastani lampahing panalitèn *filologi*. Lampahing panalitèn ménikå kapérang dados ênêm bab, inggih ménikå: (1) *deskripsi naskah* sâhå *teks*, (2) *transkripsi*, (3) *transliterasi*, (4) *suntingan*, (5) *terjemahan teks*, sâhå (6) *analisis isining teks SSTSW*.

## Piwulang Èstri

Piwulang èstri inggih ménikå pêpèling sartå pamrayogi ingkang dipunginakakén kanggé tiyang èstri supados sagêd nyingkiri prakawis-prakawis ingkang sagêd ndamél cilakaning pribadi sâhå tiyang sanès. Têmbung wanitå ménikå saking jarwâdhosok wani ditåtå. Tégésipun wanitå ménikå kêdah sagêd ngatur sadåyå babagan ingkang dipunadhépi khususipun ing gésang bêbrayan. Miturut tiyang Jawi, wanitå ingkang saé ménikå kêdah sagêd paham kaliyan tégés må têlu, inggih ménikå masak, macak, sâhå manak (Endraswara, 2006: 56). Rikålå priyå sawêg cupêt ing prakawis, wonten wanitå ingkang sagêd ndamél manahipun tênrêm (Hasan, 2003:13).

Wanitå utåmå ménikå botén dipuntingali saking rupi utawi badanipun, nanging katingal saking solah båwå, tumindak, sâhå béktilipun dhatêng priyå ingkang dados sémahipun. Wonten tigang prakawis ingkang dados darmaning wanitå dhatêng sémahipun, inggih ménikå wêdi, gêmi, lan gêmati (Endraswara, 2006: 150). Wêdi atêgés botén sulåyå dhatêng pangandikan sâhå préntahipun sémah, sâhå taat préntah kanthi ihlas

lair batos. Gêmi atêgés botén boros, njagi ménåpå kémawon ingkang dipunparingi déning sémah, njagi wadinipun sâhå botén rêmén nyélathoni. Gêmati atêgés trêsnå dhatêng sémahipun sâhå sadåyå ingkang dipunrêméni déning sémahipun.

Saking andharan ménikå, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih wanitå ingkang utami inggih ménikå wanitå ingkang tansah nêtépi kodratipun, solah båwå sâhå tumindakipun bêcik, sartå sagêd nindakakén darmaning wanitå wonten ing pagésangan. Wanitå ingkang utåmi ménika sanès wanitå ingkang ayu rupinipun utawi badanipun, nanging wanitå ingkang sagêd dados patuladhan kanggé wanitå-wanitå sanès, mliginipun bab kabêcikan.

## Panalitèn ingkang Jumbuh

Panalitèn ingkang jumbuh ing panalitèn ménikå inggih ménikå panalitènipun Ria Nur Hanifah kanthi irah-irahan "*Kajian Filologi sâhå Analisis Kawruh Anggayuh Raosing Gésang ingkang Sajatos wonten Sérat Wédyå Praståwå*" taun 2014 sâhå panalitènipun Tusina Nur Cahyani kanthi irah-irahan "*Tinjauan Filologi dan Nilai Moral Berumah-Tangga bagi Wanita Jawa dalam Sérat Padmiwårdå*" taun 2012.

Prakawis ingkang jumbuh inggih ménikå *objek* panalitèn ingkang kaginakakén, ingkang arupi *naskah* sâhå *teks*. Awit saking ménikå, *metode* panalitèn sâhå *teori* ingkang gayut kaliyan lampahing panalitèn ugi wonten jumbuhipun.

## CÅRÅ PANALITÈN

### Jinising Panalitèn

Panalitèn ingkang katindakakén ménikå kalêbêt panalitèn *deskriptif* sâhå panalitèn *filologi modern*. Panalitèn *deskriptif* ménikå salah satunggaling jinising panalitèn ingkang katindakakén kanthi naliti satunggaling *objek*. Wondéné *objek* panalitèn *deskriptif* sagêd arupi *nilai budaya manungså, filsafat, nilai-nilai etika, karya seni, manungså*, utawi *objek* sanèsipun (Kaelan, 2005: 58). Panalitèn ménikå kalêbêt panalitèn *filologi modern* amargi ancasipun kanggé ndamêl *kajian filologi* tumrap salah satunggaling *naskah Jawi*, déné *objek* panalitènipun inggih ménikå *naskah* sâhå *teks*.

### Sumber Data Panalitèn

*Objek* panalitèn ingkang dipundadosakén *sumber data* ing panalitèn ménikå adhêdhasar *studi katalog* ingkang sampun kalampahan inggih ménikå *naskah* sâhå *teks SSTSW* ingkang kapanggihakén ing *Perpustakaan Rumah Budaya Tembi Bantul Yogyakarta* kanthi nomér *kode 4257/TB/HD/2002*. *Teks SSTSW* sinérat mawi båså Jawi Énggal kanthi undha-usuk kråmå sâhå ngoko.

### Caranipun Ngêmpalakén Data

#### 1. Deskripsi Naskah

Ancasing *deskripsi naskah* inggih ménikå kanggê ngandharakén bab kawontenanipun *naskah* ingkang jumbuh manawi dipundadosakén *objek* panalitèn. Asiling *deskripsi naskah* sâhå *teks SSTSW* dipunwujudakén kanthi kêrtu asiling *deskripsi naskah* sâhå *teks*.

#### 2. Alih Tulis Teks

Alih tulis ingkang dipuntindakakén inggih ménikå *transkripsi* sâhå *transliterasi*. *Metode transkripsi* ingkang dipunginakakén inggih ménikå *metode transkripsi diplomatik*, inggih ménikå cårå anggènipun ndamêl alih tulis sérataning *teks* kasérat ménåpå wontênipun kados déné sérataning *teks-ipun* kanthi aksårå ingkang sami. Wondéné *metode transliterasi* ingkang dipunginakakén *metode transliterasi standar*, inggih ménikå cara anggènipun ndamêl alih tulis sérataning *teks* ingkang dipunsérat kanthi adhêdhasar *ejaan* ingkang sampun lérês utawi *Ejaan yang Disempurnakan*.

#### 3. Suntingan Teks

*Suntingan teks* ingkang dipunginakakén wonten ing panalitèn ménikå inggih ménikå *metode suntingan teks standar*, katindakakén kanthi cårå *standarisasi ejaan adhedhasar buku Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* kawêdalakén déning Balai Bahasa Yogyakarta (2006) sâhå adhêdhasar *Baoesastraa Djawa* kawêdalakén déning Poerwadarminta (1939).

#### 4. Terjemahan Teks

Panalitèn ménikå ngginakakén *metode* alih båså kanthi *harfiah, isi* sâhå *bebas*. Ingkang sapisan *metode* ingkang dipunginakakén inggih ménikå *terjemahan harfiah*. Manawi botên sagêd dipundamêl *terjemahan* ingkang trêp pramilå dipunginakakén *metode terjemahan isi*. Salajêngipun, manawi taksih dèrèng sagêd dipundamêl *terjemahan* ingkang trêp, dipunginakakén *metode terjemahan bebas* kanthi dipunjumbuhakén kaliyan *konteks-ipun*.

## 5. Analisis Isining Teks

*Analisis isining teks* ménikå ngginakakén metode maos sâhå nyathêt. Maos ing panalitèn ménikå têgésipun maos *teks SSTS* kanthi dipunambal-ambali supados mangrétos isining *teks*. Wondéné nyathêt ing panalitèn ménikå têgésipun nyérat *data* ingkang gayut kaliyan bab piwulang èstrinipun. Asiling *data* ménikå salajêngipun kaandharakén kanthi *deskriptif*.

### Pirantosing Panaliten

Pirantosing panalitèn ingkang kaginakakén ing panalitèn ménikå inggih awujud kertu *data*. Kêrtu *data* kaginakakén kanggé nyérat *data-data* ingkang kapanggihakén anggènipun ndamél *deskripsi naskah* sâhå *teks*, *transliterasi teks*, *suntingan teks*, *terjemahan teks* sâhå pangrêmbaging piwulang èstri.

### Cârå Ngésahakén Data

*Keabsahan data* ing salêbeting panalitèn ngginakakén têtimbangan *validitas* sâhå *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakakén inggih ménikå *validitas semantik*. Wondéné *Reliabilitas* ingkang dipunginakakén inggih ménikå *reliabilitas intrarater* sâhå *reliabilitas interrater*.

## ASILING PANALITÈN SÂHÅ PANGRÊMBAGIPUN

### 1. Deskripsi Naskah sâhå Teks

Kawontenaning *naskah* Sérat SêSORAHIPUN Tin Sastrå Wiryå ménikå taksih sagêd dipunwaos. Jilidanipun taksih saé, dipundondomi ngginakakén bêng, *naskah-ipun* taksih jangkêp, boten wonten lêmbar-lêmbaring


dlancang ingkang pêthil utawi ucul saking jilidanipun. Ananging wonten péanganan dlancang ingkang bolong alit inggih ménikå ing samak ngajêng péanganan ngandhap sâhå kåcå 38 dumugi samak wingking. Nåmå *penerbit naskah* inggih ménikå N.V Mardi Mulya ingkang mapan wonten ing Yogyakarta. Wondéné taun *terbitipun* inggih ménikå rikålå taun 1929.

*Teks SSTS* kasérat mawi aksårå Jåwå cithak kanthi dhapukan gancaran. Basanipun *teks* inggih båså Jawi gagrag Enggal kanthi undhausuk kråmå sâhå ngoko. Jinis *bahan naskah* dlancang hvs. *Teks SSTS* kalêbêt wonten ing jinis *teks* piwulang.


### 2. Transkripsi Teks

*Transkripsi* inggih ménikå ndamél alih tulis sérataning *teks* kanthi aksårå ingkang sami kaliyan aksaraning *teks*, inggih aksårå Jåwå. *Transkripsi teks SSTS* ngginakakén metode *diplomatik*. Ancasipun ndamél *transkripsi teks SSTS* kanggé nglêstantunakén *teks* supados kapanggihakén salinanipun ingkang sinérat carik. Wondéné tulâdhå asiling *transkripsi diplomatik* tumrap *teks SSTS* kados ing ngandhap ménikå.

### Teks SSTS



### Asiling Transkripsi Teks SSTS



### 3. *Transliterasi sâhå Suntingan Teks SSTSW*

*Metode transliterasi* ingkang

dipunginanakên wontên ing panalitèn ménikå inggih *transliterasi standar*. *Transliterasi standar* katindakakêñ kanthi ngéwahi aksårå *teks SSTSW* ingkang ngginakakêñ aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin adhêdhasar *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Balai Bahasa Yogyakarta, 2006).

Salajêngipun, *metode suntingan* ingkang dipunginakakêñ inggih ménikå *metode standar* inggih ménikå têtembungan ingkang kirang trêp panyératipun kalêrêsañ konggrès, sâhå *ejaan båså Jawi*. Ananging, têtembungan ingkang dados ciri *khas-ipun teks* têtép kasérat ménåpå wontenipun. Wontên ing panalitèn ménikå, anggènipun nindakakêñ *suntingan teks* ngginakakêñ tåndhå-tåndhå tartamtu kanggé nêdahakêñ éwah-éwahan utawi *suntingan teks* ingkang dipundamêl. Wondéné tåndhå-tåndhå ingkang kaginakakêñ kaandharakêñ kados makatêñ.

- 1) Tåndhå <....> dipunginakakêñ kanggé tåndhå nggantos aksårå, wandå, utawi têmbung.
- 2) Tåndhå (...) dipunginakakêñ kanggé nêdahakêñ bilih wontên tambahan aksårå, wandå, utawi têmbung.
- 3) Tåndhå {....} dipunginakakêñ kanggé nêdahakêñ bilih wontên aksårå, wandå, utawi têmbung ingkang dipunkirangi.
- 4) Anggènipun nyérat nomér ing sabêñ *aparat kritik* ngginakakêñ ångkå Arab ingkang

kasérat mawi aksårå Latin, tulådhånipun (...<sup>1</sup>, ...<sup>2</sup>, ...<sup>3</sup>, ...<sup>4</sup>) lan salajêngipun.

Asiling *transliterasi standar* sâhå *suntingan standar* tumrap *teks SSTSW* kasérat kanthi wujud *tabel*. Anggènipun nindakakêñ *suntingan standar* manggihakêñ 9 témbung ingkang kêdah dipun-*sunting*. Wondéné tulådhå asiling *transliterasi* sâhå *suntingan* kados ing ngandhap ménikå.

**Tabel 1. Asiling Transliterasi sâhå Suntingan Teks SSTSW**

Asiling Transliterasi
Kajawi punikå, taksih kulå pêpuji malih ing sabêñ taun [-6-] tanah sagêda <b>ngwontênakêñ</b> konggrès, sartå pamanggénipun sampun namung ngundhêr wontên Ngayogyå kémawon, pêrlunipun sagêdå anggugah panggalihipun pårå putri ing panggénan ngriku, (ingkang kanggénan konggrès).
Asiling Suntingan
Kajawi punikå, taksih kulå pêpuji malih ing sabêñ taun [-6-] tanah sagêda <b>ng&lt;a&gt;wontênakêñ</b> konggrès, sartå pamanggénipun sampun namung ngundhêr wontên Ngayogyå kémawon, pêrlunipun sagêdå anggugah panggalihipun pårå putri ing panggénan ngriku, (ingkang kanggénan konggrès).

Salajengipun, *teks* ingkang dipun-*sunting* kaandharakêñ wontên ing *aparat kritik*. *Aparat kritik* dipundamêl minångkå wujud tanggêl jawab *ilmiah* tumrap *teks SSTSW*. Wondéné tulådhå pangrêmbagipun témbung ingkang dipun-*sunting* kaandharakêñ ing ngandhap ménikå.

## ng< a > wontenakén

Pandhapuking tēmbung “ngwontenakén” inggih mēnikå (ng-) + (wontén) + (-akén). Tēmbung “wontén” mēnikå båså kramanipun “ånå” (Poerwadarminta, 1939: 669). Tēmbung “ngwontenakén” manawi dipunjumbuhakén kaliyan panyérating têtēmbungan ingkang nêdahakén *ciri khas naskah* mēnikå botén jumbuh. Awit saking mēnikå, tēmbung “ngwontenakén” dipunéwahi dados “ngawontenakén”. Pêthikaning *teks SSTSW* kados ing ngandhap mēnikå.

....Kajawi punikå, taksih kulå pêpuji malih ing sabén taun [-6-] tanah sagêda<sup>1</sup> **ng< a > wontenakén** konggrés....

## 4. Asiling Terjemahan Teks Sêrat SêSORAHIPUN Tin Sastra Wirayå

*Terjemahan teks SSTSW* katindakakén kanthi ndamél alih båså saking båså Jawi dhatêng båså Indonesia. Panalitèn mēnikå ngêcakakén metode terjemahan harfiah, terjemahan isi, sâhå terjemahan bebas. Wontén ing panalitèn mēnikå, absahing terjemahan adhêdhasar *Baoesastrâ Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Wondéné tulâdhå asiling terjemahan kasêrat kanthi wujud tabel kados ing ngandhap mēnikå.

**Tabel 2. Asiling Terjemahan Teks SSTSW**

Asiling suntingan standar
Kulå nuwun, nalikå kulå mirêng kabar, bilih ing Ngayogyakartå badhé wontén konggrès wanitå Indhonésiyah, manah kula bingah sangêt. Kula
kapéngin sangêt sagêda ningali, amêsthi agêng sangêt paédahipun tumrap laré èstri. Mångkå

konggrès wanitå ingkang sawêg sapisan, ibå wigatosipun.

## Terjemahan Teks SSTSW

*Permisi, ketika saya mendengar kabar, bahwa di Yogyakarta akan diadakan kongres perempuan Indonesia, hati saya senang sekali. Saya ingin sekali dapat melihat, pasti besar sekali manfaatnya bagi perempuan. Kongres perempuan yang baru pertama kali dilaksanakan mengundang perhatian.*

## 5. Asiling Pangrêmbaging Piwulang Estri ing SSTSW

Panalitèn mēnikå ngandharakén piwulang èstri wontén ing SSTSW. Adhêdhasar SSTSW, kapanggihakén piwulang èstrinipun inggih mēnikå piwulang èstri minångkå dados ibu rumah tangga ingkang sagêd dipunandharakén kados ing ngandhap mēnikå.

## Tiyang èstri kêdah taat tumrap garwanipun

Kuwajiban tiyang èstri tumrap garwå salah satunggalipun inggih mēnikå taat. Taat mēnikå kêdah dipuntindakakén minångkå bêktining tiyang èstri dhatêng garwanipun. Prakawis mēnikå ugi salah satunggaling kuwijiban tiyang èstri wontén ing salêbeting balé griyå.

...wong wédok mono, mèndhang-mèndhangå iyå kudu kalah karo wong lanang, **kudu manut, kudu miturut sapangrêhé wong lanang**, Bêbasané: suwargå nunut, wong lanang kuwåså biså golèk gunå kåyå... SSTSW (14)

## Terjemahan

*...perempuan, harus kalah dengan laki-laki, harus taat, harus patuh, harus patuh dengan perintah laki-laki, seperti kata pepatah: suwarga nunut, laki-laki yang berkuasa dan mencari nafkah... SSTSW (14)*

Pêthikan *teks SSTSW* wonten ing nginggil ménikå ngandharakên bilih tiyang èstri wajib taat dhatêng garwanipun, kêdah nindakakên sadaya parintah saking garwanipun. Sanajan ingkang dipunprentahakên ménikå awrat, kêdah têtêp dipuntindakakên kanthi sabar sahå témenan, amargi wonten bêbasan ‘suwargå nunut’ ingkang têgésipun inggih ménikå bêgjå cilakanipun tiyang èstri gumantung saking garwanipun.

Endraswara (2006: 93) ngandharakên bilih tiyang èstri kêdah nindakakên sadaya parintah sahå kêdah taat nasehatipun garwå kanthi raos békta sahå ikhlas, amargi tiyang jalér utawi garwå inggih ménikå pêmimpin wonten ing salêbeting balê griyå ingkang gadhah sipat “rumångså handarbéni”, inggih ménikå sipat nggadhahi sahå tanggél jawab tumrap sadaya kulawargå. Pramila, tiyang èstri kedah gadhah sipat “angon råså”, inggih ménikå ndhérék ngraosakên ménápå ingkang dipunraosakên garwanipun sahå taat dhatêng garwanipun kanthi manah ingkang mantêp.

Sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih prakawis wonten ing nginggil ménikå jumbuh kaliyan piwulang wonten ing *SSTSW*. Tiyang èstri kêdah taat, kêdah nindakakên sadaya parintah saking garwanipun. Sikap taat dipuntindakakên minångkå sikap bêktinipun tiyang èstri tumrap garwå, amargi tiyang jalér ménikå minångkå imam wonten ing salêbeting balê griyå sahå gadhah tanggél jawab ingkang agêng tumrap ménápå kémawon ingkang dados têtanggêlanipun wonten ing kulawargå. *Taat-*ipun tiyang èstri ugi dipuntindakakên manawi parèntahipun saé sahå boten nyimpang saking

ukum sahå syariat agami. Prakawis ménikå boten gampil. Pramila manawi nindakakên kêdah gadhah manah ingkang jembar sahå ikhlas. Sikap ikhlas anggénipun nindakakên sadaya kuwajibanipun sagêd ndadosakên kulawargå ingkang tênnrêm.

## **Panutup**

### **Dudutan**

#### **1. Deskripsi Naskah sahå Teks SSTSW**

*Naskah SSTSW* kawontenanipun taksih saé sahå *teks-ipun* taksih kawaos kanthi cethå. Dlancangipun *naskah SSTSW* wonten ingkang bolong, déné warninipun dlancang sampun kuning sêmu soklat. *Naskah SSTSW* sinérat kanthi dhapukan gancaran. Jinising aksaranipun mawi aksårå Jåwå cithak. Wujuding *huruf ngêtumbar* kanthi tinta warni cêmeng. Båså ing *teks SSTSW* ngginakakên båså Jawi ènggal inggih ménikå båså Jawi kråmå sahå båså Jawi Ngoko. Adhêdhasar isining *teks*, *teks SSTSW* kalêbêt wonten ing jinising *teks* piwulang.

#### **2. Transkripsi teks SSTSW**

*Transkripsi teks SSTSW* katindakakên ngginakakên *metode transkripsi diplomatik*. *Transkripsi* dipuntindakakên kanthi nyérat malih *teks SSTSW* mawi aksårå Jåwå ingkang kasérat carik. Ancasipun ndamél *transkipsi teks SSTSW* inggih ménikå kanggé nglêstantunakên *teks supados* kapanggihakên salinanipun ingkang sinérat carik.

#### **3. Transliterasi teks sahå Suntingan Teks SSTSW**

*Metode transliterasi* ingkang dipunginakakên ing panalitèn ménikå, inggih ménikå *metode transliterasi standar*. Ancasipun ndamél *transliterasi* inggih ménikå kanggé

nggampilakén pamaos anggénipun maos *teks* ménikå amargi *teks* ingkang kasérat mawi aksårå Jåwå dipunsérat dados aksårå Latin.

*Suntingan teks SSTS*W ingkang dipunginakakén inggih ménikå *metode suntingan teks edisi standar*. Kapanggihakén 9 témbung ingkang dipun-sunting. *Salajéngipun, éwah-éwahanipun kaandharakén wonten ing* aparat kritik.

#### 4. Terjemahan teks SSTS

*Terjemahan teks SSTS*W ngginakakén *metode terjemahan harfiah, metode terjemahan makna/ isi, sâhå metode terjemahan bebas*. Sadåyå *metode* ménikå dipunginakakén kanthi *kontekstual*. *Terjemahan* wonten ing panalitèn ménikå katindakakén kanthi ndamél alih basaning *teks* saking båså Jawi dhatêng båså Indonesia. Ancasing ndamél *terjemahan* inggih ménikå kanggé nggampilakén pamaos anggénipun mangrêtosi isining *teks SSTS*W mliginipun pamaos ingkang kirang paham båså Jawi.

#### 5. Pangrêmaging Piwulang Èstri Teks SSTS

*Teks SSTS*W ngéwrat piwulang ingkang sagéd dipundadosakén patuladhan kanggé tiyang èstri. Wondéné piwulangipun inggih ménikå (1) tumrap garwanipun, tiyang èstri kêdah taat sâhå sêtyå, mangrêtos karubèdan garwå, ndamél rêmén garwå, gëmati (2) ibu tumrap putrå, kêdah saged nggulawênthah putrå-putrnipun, kêdah sagéd mulang muruk putrå-putrnipun kanthi saé, (3) tiyang èstri tumrap balé griyå, kêdah sagéd nyékapi kabétahan griyå, srêgêp anggénipun nåtå bale griyå, gëmi, sëtit, sâhå ngati-ati.

#### Implikasi

Adhêdhasar asiling panalitèn sâhå pangrêmaging *teks Sérat Sésorahipun Tin Sastrå Wiryo* ingkang sampun kaandharakén ing bab IV tamtu wonten *implikasi-nipun*. Wondéné *implikasi* panalitèn ménikå kanggé *lingkungan perguruan tinggi*, mliginipun ing *Jurusana Pendidikan Bahasa Daerah*, panalitèn ménikå sagédå dados sésérêpan bab cårå anggénipun ngéacakakén ngèlmi *filologi* kanggé naliti *naskah Jawi*. *Implikasi* sanèsipun inggih ménikå kanggé masarakat umum, piwulang èstri wonten ing *SSTS*W sagéd dados tambahing wawasan sâhå ngèlmi kanggé pårå tiyang èstri kanggé nggayuh gésang ingkang ayêm tênrêm.

#### Pamrayogi

1. *Teks Sérat Sésorahipun Tin Sastrå Wiryo* taksih prêlu dipuntaliti kajumbuhakén kaliyan bab sastrå, båså, ménåpå déné bab sanèsipun.
2. Panalitèn *naskah-naskah* kinå mliginipun *naskah Jawi* taksih prêlu dipuntaliti kanggé ngléstantunakén *naskah* ménikå supados isinipun taksih sagéd dipunmangrêtosi sâhå kanggé ngléstantunakén piwulang ingkang taksih sagéd kajumbuhakén kaliyan pagésangan masarakat saménikå.

#### Kapustakan

##### Naskah

Anonim. 1929. *Sérat Sésorahipun Tin Sastrå Wiryo*. Yogyakarta: N.V. Mardi Mulya.

#### Pustaka

Baroroh-Baried, Siti, dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan

- dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Balai Bahasa Yogyakarta. 2006. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Kanisius.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Budi Pekerti Jawa*. Yogyakarta: Buana Pustaka.
- Fathurahman, Oman. 2015. *Filologi Indonesia: Teori dan Metode*. Jakarta: Prenada Media Group.
- Hasan, M. Ali. 2003. *Pedoman Hidup Berumah Tangga dalam Islam*. Jakarta: Prenada Media.
- Kaelan. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat*. Yogyakarta: Paradigma.
- Martinus, Surawan. 2001. *Kamus Kata Serapan*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Mulyani, Hesti. 2009. *Membaca Manuskrip*. Diktat Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Komprehensi Tulis*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastrā Djawa*. Batavia: J.B Wolters's Uitgevers-Maatschappij N.V.